

Bibiliya y' Abana
Ishikirije

Ivuka rya
Yesu



Yanditswe na: Edward Hughes

Amashusho ashirwamwo na:
M. Maillot; Alastair Paterson

Itunganywa na: E. Frischbutter; Sarah S.

Isobanurwa mu Kirundi na:
Rémy Christian NTIRURIKURE


Yateguwe na: Biblefor Children
www.M1914.org

©2020 Bible for Children, Inc.


Uburenganzira: Murafise uburenganzira bwo kwimura canke
gusohora ku mpapuro iyi nkuru mugihe gusa mutayigurisha.



Kera cane, Imana yaratumye
umumarayika Gaburiyeri
ku mwigeme w'umuyuda
w'akaranga kandi w'inkumi
yitwa Mariya.



Amubwira, "uzovyara umwana
w'umuhungu kandi uzomwite
Izina Ryiwe Yesu. Azokwitwa
Umwana w'Isumbavyose.
Azoganza ibihe bidahera."



"Ivyo vyoshoboka gute?" uwo mwigeme arabaza atangaye. "Sinigeze menya umugabo." Umumarayika abwira Mariya ati uwo mwana azova ku Mana. Nta mwana w'umuntu azomubera se.



Hanyuma, umumarayika abwira Mariya
ko mwenenyinabo Elisabeti yibungenze
mu myaka y'ubusaza.

Ico cari igitangaza,
naco nyene.

Hanyuma y'aho,

Mariya aja
kuramutsa
Elisabeti.

Barashimira
hamwe Imana.



Mariya yari arehejwe
n'umugabo yitwa
Yozefu. Yozefu
arababara amenye
ko Mariya
yibungenze.
Yibaza ati
uyundi mugabo
yoba ari se
w'umwana.



Mu ndoto, umumarayika
w'Imana abwira Yozefu ati uyu
n'Umwana w'Imana. Yozefu
yategerezwa gufasha Mariya
kurera Yesu.



Yozefu yizera kandi yumvira Imana. Arongera yumvira amategeko y'igihugu ciwe. Kubera itegeko rishasha, be na Maria bava mu gisagara cabo, Beterehemu, kugira barihe

amakori.





Mariya hari hageze
ko yibaruka umwana
wiwe. Ariko Yozefu
ntiyaronka icumba na
hamwe. Inzu
z'ingenzi zose
zari zuzuye.



Yozefu arateba araronka uruhongore rw'inka. Aho, niho Akana Yesu kavukiye. Nyina wiwe amuryamika mu bwato bw'inka, ahantu indya z'ibitungwa zishirwa.



Iruhande y'aho, abungere bari baraririye imikuku
yabo aho iryanye. Umumarayika
w'Imana arabiyereka, araheza

ababwira
inkuru
y'igitangaza.



"Hariya havukiye uno musu mu gisagara ca Dawidi
Umukiza Ari We Kristo Umwami. Muza gusanga
Uruyoya ruryanye mu bwato
bw'inka."



Ubwo nyene, abamarayika bakaka
benshi baraboneka, bahimbaza
Imana kandi bavuga, ...



... "Imana Ininahazwe mw'Ijuru kw'isi naho habe amahoro, ku bantu Imana ikunda bakayikundira."



Abungere barihuta kuja kuri urwo ruhongore. Bamaze kubona rwa Ruyoya, babwira uwo bahuye wese ivyo abamarayika bababwiye kuri Yesu.





Inyuma y'imisi mirongo ine,
Yozefu na Mariya bazana Yesu
mu ngoro y'Imana i
Yerusalemu. Aho,
umugabo yitwa
Simiyoni ashima
Imana
kubw'urwo

Ruyoya,
nayo Ana,
uwundi
mukozi
w'Uhoraho,
atanga
amashimwe.





Bose bamenya ko
yesu ari Umwana
w'Imana, Umukiza
basezeraniwe.
Yozefu atanga
ikimazi c'inuma
zibiri.





Iri ryari ishikanwa
rijanye n'ibwirizwa
ry'Imana ku bantu
b'aboro bategerezwa
gushikana igihe
bazanye
umwana
yavutse
imbere
y'Uhoraho.



Haciye igihe,
urunyenyeri
rudasanze
rwereka
inzira

Abanyabwenge
bavuye mu gihugu c'Ubuseruko
bagana i Yerusalemu. "Ari he
Uyu Yavukiye kuba Umwami
w'Abayuda?", barabaza.
"Dushaka kumusenga."




Umwami Herodi
yumva ivyerekeye
Abanyabwenge. Ata
umutwe, arabasaba
ngo baheze bamubwire
nibabona Yesu. "Nanje,
ndashaka kumusenga",
Herodi avuga atyo.
Ariko yariko
arabesha.
Herodi
yashaka
kwica
Yesu.





Ya nyenyeri ibayobora ku
nzu nyene aho Mariya na
Yozefu baba na rwa Ruyoya.
Bafukanye basenga, za
ngenzi ziha Yesu ingabire
z'inzahabu
n'ibimogamoga.



Imana ikebura ba
Banyabwenge ngo basubire
i muhira iwabo mw'ibanga.
Herodi anigwa n'ishavu.



Kubera ko yashaka
kwica Yesu, uyo
muyobozi w'ikibi yica
inzoya zose z'abahungu
i Beterehemu.





Ariko Herodi
ntiyashoboye gukora
ku Mwana w'Imana!
Akebuwe mu ndoto,
Yozefu afata
Mariya na Yesu
abahungishiriza
muri Egiputa.





Igihe Herodi apfuye,
Yozefu agarukana Mariya
na Yesu abakuye muri Egiputa.



Ivuka rya Yesu

Inkuru ivuye mw'Ijambo ry'Imana, Bibiliya

tuyisanga muri

Matayo 1-2, Luka 1-2

"Guhishurirwa amajambo yawe kuzana umuco,
guha abatungu ubwenge." Zaburi 119:130



Iherezo



Iyi nkuru ya bibliya itubwira kuvyerekeye Imana yacu y'igitangaza yaturemye kandi igashaka ko tuyimenya.

Imana irazi ko twakoze ibibi, arivyo yita icaha. Igihano c'icaha ni urupfu ariko Imana iragukunda cane yarungitse umwana wayo w'ikinege, Yesu, gupfa ku musalaba kugira ahanwe kubw, ivyaha vyawe. Hama Yesu asubira kubaho aca agenda I muhira mw'ijuru. Niwizera Yesu ukamusaba aguharire ivyaha vyawe, azobikora. Azoza abe muri wewe, hama uzobana na we ibihe bidashira.

Niwizera uko ni ukuri, bwira Imana ibi:
Yesu mwiza, ndizera ko uri Imana, kandi wacitse umuntu ugapfa kubera ivyaha vyanje, hama ubu ukaba uri muzima. Rero ingo mu bugingo bwanje hama uharire ivyaha vyanje, kugira ngire ubugingo bushasha, hama umunsi umwe nze mbane na we ubugingo budashira. Mfasha kugira ndakwumvire kandi mbeho ku bwawe nk'Umwana wawe. Amen.

Soma bibliya hama uvugane n'Imana iminsi yose. Yohana 3:16

